

**“To be or not to be” from the play *Hamlet* by William Shakespeare in Creole**

*(Hamlet antre)*

Hamlet : Egziste, oswa pa egziste, se kesyon an sa : si l pi onorab nan limenm pou sibi kout fistibal ak kout flèch Lachans atwòs voye sou ou, oswa pou pran lèzam kont yon lavalas pwoblèm, e nan fè opozisyon, met fen nan yo. Mouri—dòmi—anyen plis ankò ; e ak yon somèy pou di nou mete fen nan kè-fè-mal la e a yon milye chòk natirèl lachè eritye. Se yon konklizyon yo dwe swete ak tout fòs. Mouri—dòmi. Dòmi-petèt reve : wi, men se pwoblèm nan ! Paske nan somèy lanmò sa a, ki kalite rèv ki kapab vini lè nou debarase ak fado mòtèl la, dwe ban nou rezon pou n rete sou pinga n. Se refleksyon sila a ki fè nou viv yon vi long plen kalamite. Paske kilès ki ta sipòte kout fwèt ak kout je Tan an, malfezans yon malfetè, imilyasyon yon nonm ki ostre, doulè yon amou yo dedeye, delè lajistis, ensolans moun ki nan pouvwa, ak mepri moun ki gen merit resevwa avèk pasyans nan men moun ki pa diy, lè li, limenm, t a ka espedye tèt li avèk yon senp ponya ? Kilès ki t a pote fado sa yo, pou yo plenn ak swe anba yon lavi ki plen touman, si se pa t pou krenn yon bagay apre lanmò—yon peyi yo poko explore, kote okenn vwayajè pa retounen soti nan fwontyè l—ki twouble volonte moun, epi ki fè nou, okontrè, sipòte malveyans sila nou genyen yo, olye nou vole al jwenn lòt sa nou pa konnen ? Konsa konsyans rann noutout kapon, e nan jan sa a, koulè natirèl nou genyen lè nou pran yon rezolisyon, vin pran koulè moun malad anba reflè panse nou ki pali li, epi gwo pwojè ki gen enpòtans ak ki gen aktivite, akòz de refleksyon sila a, detounen nan wout yo, epi yo pèdi non aksyon. Koulye la a, shhh ! Ofilya, bèl fi a ! Jèn Deyès<sup>41</sup>, nan lapriyè ou, sonje tout peche m yo.